

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI.

Dina ieu bab dipedar jeung didésripsikeun ngeunaan: (1) kacindekan, (2) implikasi, jeung (3) rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dina ieu bab diguar kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi sapaerti ieu dihandap.

1) Kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 dina kamampuh awal atawa *pretest* kagalong can tuntas kalawan rata-ratana 68,68 ti KKM anu ditetepkeun 75. Peunteun pang leutikna nyaéta 35 ari peunteun pang gedéna nyaéta 95. Hasil tina aspék-aspék maca pamahaman carita pondok anu ngawengku struktur anu kaasup katégori “sedeng”, rata-ratana 9,41 tina skor maksimal 15, aspék unsur kaasup katégori “sedeng” kalawan rata-ratana 42,35 tina skor maksimal 60 sedengkeun aspék basa kaasup katégori “sedeng” rata-ratana nyaéta 16,9 tina skormaksimal 25. Rata-rata anu pangleutikna nyaéta aspékstruktur, hartia siswakurang mampuh maham kana struktur carita pondok. Sedengkeun anu rata-rata pang gedéna, nyaéta aspék unsur. Siswa anu kaasup kana katégori “Tuntas” jumlahna aya 38% atawa sarua jeung 13 siswa tina 34 siswa, sedengkeun siswa anu kaasup kana katégori “Can Tuntas” jumlahna aya 62% atawa sarua jeung 21 siswa tina 34 siswa. Saméméh ngagunakeun métode PQRSST kaasup kana katégori “can tuntas”kalawan rata-ratana nyaéta 68,68 .

2) Kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajar 2022/2023 dina kamampuh ahir atawa *posttest* kagalong tuntas kalawan rata-ratana 82,65 ti KKM anu ditetepkeun 75. Peunteun pang leutikna nyaéta 60 ari peunteun pang gedéna nyaéta 100. Hasil tina aspék-aspék maca pamahaman carita pondok anu ngawengku struktur anu kaasup katégori “hadé”, rata-ratana 11.47 tina skor maksimal 15 aspék unsur kaasup katégori “hadé” kalawan rata-ratana 50,88 tina skor maksimal 60 sedengkeun aspék basa kaasup katégori “hadé ” rata-ratana nyaéta 20,29 tina skor maksimal 25.Dumasar kana éta

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pedaran, bisa katitén yén aya ronjatan dina unggal aspékna. Siswa anu kaasup kana katégori “Tuntas” jumlahna aya 82% atawa sarua jeung 28 siswa, sedengkeun anu kaasup katégori “can tuntas” jumlahna aya 18% atawa sarua jeung 6 siswa tina 34 siswa.

3) Kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun ajaran 2022/2023 sabada ngagunakeun métode PQRSRT ngaronjat dina sakabéh aspék. Katitén dina aspék struktur tina 9.41 jadi 11.47 ngaronjat 2.06, ari aspék unsur tina 42.35 jadi 50.88 ngaronjat 8.53, sedengkeun aspék basa tina 16.91 jadi 20.29 ngaronjat 3.38.

4) Dina hasil panalungtikan di luhur, uji sifat data dilaksanakeun ngaliwatan uji Sapiro-Wilk, anu meunangkeun hasil data pretest $0,209 > 0,05$ hartina H_0 ditarima jeung H_1 ditolak, data *pretest* distribusina normal. Dina hasil data *posttest* meunangkeun hasil data $0,150 > 0,05$ hartina H_0 ditarima jeung H_1 ditolak, data *posttest* distribusin normal. Hasil dina uji sifat data yén métode PQRSRT miboga pngaruh anu signifikan, nilik kana hasil uji paramétrik *t-test* yén hasil nilai *pretest* jeung *posttest* nuduhkeun nilai Sig.(2-tailed) $0,000 < 0.05$ Ku kituna H_1 ditarima jeung H_0 ditolak. Hartina bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun métode PQRSST siswa di kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023.

5.2 Implikasi

Dumasar hasil panalungtikan éféktivitas métode PQRSST dina pangajaran maca pamahaman carita pondok di SMPN 1 Lembang, ieu métode bisa ngaronjatkeun pamahaman maca dina carita pondok sarta bisa siswa langkung leuwih aktif nalika maca dina kagiatan diajar. Métode PQRSST bisa ngawangun lingkungan diajar anu aktif antara individu jeung antara babaturan lantaran siswa dibéré stimulus pikeun maham kana aspék-aspék nu ngawangun carita pondok. Ku cara kitu, siswa bisa leuwih mekarkeun ogé ngébréhkeun pamadegan jeung kamampuhna, ogé miboga peran jeung tanggung jawab nepi ka sakabéh siswa bisa

Destyara Savitri, 2023

METODE PREVIEW, QUESTION, READ, SUMMARY AND TEST DINA PANGAJARAN MACA PAMAHAMAN CARITA PONDOK (Studi kuasi Eksperiment ka Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Lembang Taun Ajaran 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

maham kana eusi carita pondok. Ku kituna métode PQRSR éféktif tur bisa dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun maca pamahaman.

5.3 Rékomendasi

Dumasar kana kacindekan jeung implikassi di luhur, aya sababaraha rékomendasi tina panalungtik, nyaéta:

- 1) Métode PQRSR anu dipaké dina ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran maca, hususna dina maca carita pondok.
- 2) Dina proses pangajaran pikeun meunangkeun pangajaran sacara maksimal diperlukeun fasilitas anu lengkep saperti kamus basa Sunda.
- 3) Kusabab ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimént, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan métode ku ambahan anu leuwih lega nyaéta ngagunakeun media ékspérimén murni.